



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON KONJWENT GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL AK KONSEYE
ADJWEN SEKIRITE NASYONAL POU SEKIRITE SIBÈNETIK AK TEKNOLOJI
EMÈJAN ANNE NEUBERGER APRE REYINYON NAN SANT OPERASYON
SEKIRITE KONJWENT**

"Reyinyon patnè lokal, eta ak federal yo jodi a fè pati yon nouvo epòk kolaborasyon pou pwoteje enfrastrikti enpòtan nou an ak sitwayen yo kont atak sibènetik.

Prezidan Biden te fè li tounen yon priyorite pou ranfòse rezo sekirite sibènetik nasyon an, amelyore pataj enfòmasyon ant gouvènman Etazini an ak sektè prive a epi ranfòse kapasite Etazini pou reponn ak ensidan yo lè yo rive.

New York nan tèt efò nasyon an pou solidifye defans sibènetik yo epi te lanse tou dènyeman Sant Operasyon Sekirite Konjwent (Joint Security Operations Center, JSOC) ki se premye nan jan li pou sèvi kòm sant nève pou operasyon sibènetik yo nan Eta a, kote ekspè sibènetik vil, eta ak federal yo pral travay ansanm youn ak lòt pou kolekte ransèyman sou menas potansyèl yo, veye anvayisè ak enfraksyon yo, epi reponn byen vit ak menas ak ensidan sekirite enfòmasyon yo. Se yon efò konjwèn avèk Majistra Eric Adams, Kathy Sheehan, Ben Walsh, Byron Brown, Malik Evans, Mike Spano epi Eta a ap envesti 30 milyon dola pou sipòte efò sibènetik gouvènman lokal yo.

Ansanm, nou angaje nou pou n travay nan tèt ansanm avèk omològ sektè lokal ak prive nou yo pou kenbe enfrastrikti enpòtan New York la san danje ak pwoteje. Nou espere kolaborasyon sa pral sèvi kòm yon modèl pou lòt yo atravè peyi a."

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)